Pou Piblikasyon Imedya: 28/05/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL GARANTI PLIS PASE 1 MILYA DOLA ÈD FINANSYÈ POU MINISIPALITE YO KI ANDEYÒ VIL NOUYÒK NAN KAD BIDJÈ ANE FISKAL 27 LA

Gouvènè a triple asistans minisipal tanporè a pou rive 150 milyon dola pou tout vil, komin ak vilaj atravè eta a

Vil Buffalo pral resevwa 70 milyon dola anplis nan èd dirèk

Sipò Eta pou konte, vil, komin ak vilaj ki pa nan Vil Nouyòk yo ogmante a 60 pousan sou direksyon Gouvènè Hochul

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta Nouyòk ap bay plis pase 1 milyon dola nan asistans finansyè pou minisipalite ki andeyò Vil Nouyòk pou ede soulaje estrès fiskal imedya a. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2027 la, Finansman adisyonèl sa a gen ladan l yon ogmantasyon 100 milyon dola nan Asistans Minisipal Tanporè (Temporary Municipal Assistance, TMA) ki pral triple kantite finansman tout vil, komin ak vilaj yo andeyò Vil Nouyòk resevwa nan sous èd sa a. Yo distribye finansman pwopòsyonèlman ak finansman Èd ak Ankourajman pou Minisipalite yo (Aid and Incentives for Municipalities, AIM) ki deja egziste a -—avèk vil Buffalo, Rochester, Syracuse ak Yonkers ke yo chak resevwa montan maksimòm 15 milyon dola anplis. Anplis TMA a, Gouvènè a ak Lejislati a angaje yon total 165 milyon dola nan finansman Renouvlab pou vil Buffalo, Rochester, Syracuse, Yonkers, Albany ak Mt. Vernon.

"Pandan move règleman federal tankou tarif yo ap ogmante enflasyon epi kontinye ogmante depans pou gouvènman lokal yo, n ap bay plis èd bay lokalite yo pou ede yo kontwole taks lokal yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kominote lokal ki solid vle di yon Nouyòk ki pi solid toujou, epi envestisman sa yo pral ede anpil pou asire ke gouvènman lokal nou yo ka kontinye bay sèvis pou kominote y ap sèvi yo."

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "40 milyon dola anplis sa a nan èd dirèk pa t ka rive nan yon pi bon moman pou Vil Buffalo. Pandan vil la ap travay poukont li pou sòti nan defisi bidjetè li a, lajan sa a pral ede mete vil la sou yon pi bon baz finansyè san kontribyab yo pa oblije pote tout fado sa. Non sèlman Buffalo ap benefisye, men lòt vil ak minisipalite nan tout Lwès Nouyòk ap resevwa èd yo bezwen anpil la. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li te travay avèk Lejislati a pou jwenn lajan anplis sa a."

Senatè Eta a Shelley Mayer, te deklare, "Mwen kontan ke Bidjè Eta final pou Ane Fiskal 2027 la gen ladan l èd minisipal tanporè esansyèl pou vil ki andeyò Vil Nouyòk atravè eta nou an, tankou twa vil mwen fyè pou m reprezante yo — Yonkers, White Plains, ak New Rochelle. Finansman sa a pral bay yon soulajman pou bidjè lokal yo e pou Yonkers, yon soulajman pou Lekòl Piblik Yonkers yo. Lajan adisyonèl sa yo pral ede soulaje chay sou kontribyab k ap peye taks sou pwopriyete yo tout pandan y ap asire gouvènman lokal nou yo kontinye bay sèvis esansyèl yo. Li pi enpòtan pase avan pou nou kontinye defann kominote nou yo. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak Lidè Majorite a Andrea Stewart-Cousins pou lidèchip yo ak paske yo asire ke vil sa yo resevwa sipò yo bezwen an."

Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare, "Yon kominote solid se yon kominote kote chak rezidan gen aksè ak sipò ak resous yo bezwen. Se poutèt sa Eta Nouyòk te prezante yon bidjè final ki gen ladan asistans finansyè pou tout eta a bay lokalite yo, tankou 18.1 milyon dola nan Èd Minisipal Tanporè pou rejyon Finger Lakes la ak 15 milyon dola pou Vil Rochester. Pandan yon moman difikilte finansye, mwen felisite Gouvènè Hochul paske li envesti nan kominote nou yo pou ede amelyore lavi Nouyòkè yo."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Dola sa yo reprezante asistans dirèk pou Vil Rochester pou pwoteje sèvis vital yo epi fè vil nou an pi abòdab pou rezidan Rochester yo. Mwen rekonesan anvè lidèchip Gouvènè Hochul la epi mwen te fyè pou m te travay avè l pou asire ogmantasyon sa a ki te tèlman nesesè a pou gran vil nou an."

Senatè Eta Patricia Fahy te deklare, "Antanke kapital Nouyòk, Albany ap soufri depi lontan ak yon gwo konsantrasyon pwopriyete ki pa peye taks ak sous finansman leta ki te gen difikilte pou kenbe ritm ak enflasyon ak ogmantasyon pri yo. Finansman sa a pral asire ke Albany ka kòmanse vire yon nouvo paj nan pèspektiv fiskal li nan lavni, estabilize avni finansye Vil la, epi finalman, retabli konfyans piblik la nan direksyon Vil Albany. Antanke yon rezidan Albany, mwen fyè dèske bidjè eta sa a rekonèt pozisyon finansyè inik Albany a pandan l ap travay avèk Administrasyon Majistra a pou bay kontribyab yo konfyans ak soulajman. Nou pral kontinye kolabore ak Majistra Applyrs, administrasyon li an, ak Konsèy Komen an pou goumen pou pòsyon jis Albany an epi pou asire Kapital nou an resevwa èd ki nesesè pou l pwospere. Mwen vle remèsye Lidè Majorite a Andrea-Stewart Cousins, Gouvènè Hochul ak kòlèg lejislatif mwen yo paske yo te ede èd sa a rive nan bout li."

Senatè Eta April N.M. Baskin, te deklare, "Finansman sa a se yon envestisman enpòtan nan estabilite alontèm vil tankou Buffalo ak Lackawanna, pou ede gouvènman lokal yo kenbe sèvis esansyèl yo san yo pa mete plis presyon sou kontribyab k ap peye taks sou pwopriyete yo. Pou Vil Buffalo, sipò adisyonèl sa a pral ede aplike plan Majistra Sean Ryan nan pou diminye defisi bidjè vil la tout pandan y ap pwoteje sekirite piblik la epi minimize chay adisyonèl sou rezidan yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak kòlèg mwen yo nan Lejislati a paske yo rekonèt defi fiskal minisipalite yo ap fè fas a epi paske yo fè kominote nou yo vin yon priyorite."

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Yo ap mande vil nan Nouyòk Santral yo pou yo fè plis ak mwens mwayen pandan pri pou bay sèvis esansyèl yo kontinye ap monte. Se poutèt sa mwen te goumen pou m jwenn plis finansman nan bidjè eta ane sa a pou ede gouvènman lokal yo kontinye bay sèvis rezidan yo konte sou yo chak jou, pandan mwatye nan pwopriyete ki nan limit vil la pa sou lis pou peye taks yo. Mèsi Gouvènè Kathy Hochul paske li rekonèt enpòtans pou nou sipòte gouvènman lokal nou yo ak travay esansyèl y ap fè pou rezidan yo atravè Nouyòk."

Senatè Eta a, Christopher J. Ryan, te deklare, "Antanke Prezidan Komite Vil Sena 2 a, mwen konnen dirèkteman presyon fiskal minisipalite yo ap fè fas atravè Rejyon Nò a ak banlye Nouyòk yo. Envestisman adisyonèl sa a se yon bon kòmansman nesesè pou ede vil yo, komin yo ak vilaj yo jere depans k ap monte yo, kenbe sèvis esansyèl yo epi kontinye sipòte kwasans ekonomik la. Kominote tankou Syracuse — ak minisipalite atravè Nouyòk Santral ak eta a ki gen ladan vil Fulton ak Oswego — bezwen yon vrè patenarya nan men Albany pandan y ap travay pou satisfè demand yo mete sou gouvènman lokal yo. Nou dwe kontinye jwenn fason alontèm ak siyifikatif pou satisfè bezwen kominote nou yo k ap evolye epi asire gouvènman lokal yo gen zouti yo bezwen pou reyisi, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul ak kòlèg mwen yo nan lejislati a pou finansman siyifikatif sa a."

Senatè Eta Jeremy Zellner te deklare, "Mwen fyè dèske mwen te travay ansanm ak Gouvènè a ak kòlèg mwen yo nan lejislati a pou nou te garanti yon envestisman istorik 70 milyon dola pou Vil Buffalo. Pandan vil la ap kontinye fè fas ak gwo defi fiskal, finansman sa a pral retire yon pati nan presyon sou kontribyab k ap travay di yo pandan l ap pwoteje sèvis esansyèl yo. Nan yon moman kote Washington kontinye ap rann lavi pi difisil pou fanmi k ap travay yo, sa montre ke nan Nouyòk, tout nivo gouvènman an ka toujou mete tèt ansanm epi bay rezilta pou moun n ap sèvi yo."

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Bidjè sa a bay èd finansye nesesè pou Vil Syracuse ak lòt minisipalite nan 129è Distri Asanble a. Finansman adisyonèl sa a pral ede konpanse rediksyon devastatè ki soti nan Washington yo epi ede lokalite sa yo balanse bidjè yo tout pandan y ap kenbe sèvis yo."

Manm Asanble, Patrick Burke, te deklare, "Antanke premye prezidan Komite Vil yo ki pa soti nan Vil Nouyòk, mwen te konnen li te enperatif pou nou adrese defi vil nan Rejyon Nò ak Lwès Nouyòk yo ap fè fas. Pandan ane ki sot pase a, mwen te travay avèk majistra yo, lejislatè yo ak lidè lokal yo atravè eta a pou bati yon kowalisyon ki t ap asire ke bezwen vil yo vin tounen yon pati santral nan negosyasyon bidjè ane sa a. Gouvènè Hochul te konprann ijans lan, epi lè nou te travay ansanm, nou te bay kominote yo atravè Nouyòk yon sipò reyèl."

Manm Asanble Karen McMahon "N ap travèse yon peryòd gwo presyon ak difikilte finansye ki depase nivo fwaye yo senpleman, epi minisipalite yo toupatou nan Eta Nouyòk ap santi presyon sa a tou Pou ede adrese defi sa yo, Bidjè Ane Fiskal 2027 la gen ladan l yon sipò finansman enpòtan pou vil yo, bouk yo ak vilaj yo pou yo ka

kontinye bay sèvis esansyèl bay rezidan yo. Nan yon moman ensètitid kontinyèl nan men gouvènman federal la, Eta Nouyòk ap pran mezi pou asire resous nesesè yo rive nan Main Street."

Manm Asanble Bill Conrad te deklare, "Administrasyon federal sa a ap fè ravaj nan fason moun Nouyòkè yo ap viv, e vil nou yo, komin nou yo ak vilaj nou yo ap soufri akoz de sa. Se te yon moman pou eta a pran angajman pou sitwayen li yo, pou l ofri yon asistans tanjib ki pral evite elektè nou yo gen chay taks anplis pou sèvis ak enfrastrikti minisipalite yo sipòte e sou ki nou tout konte. Kominote lokal ki pwospere yo bon pou tout moun, epi mwen fyè dèske mwen fè pati yon ekip, avèk Gouvènè Hochul ak Majorite Lejislatif la, ki konprann, isit la nan Eta Nouyòk nou travay ansanm, n ap ede youn lòt pou benefis tout moun."

Manm Asanble John T. McDonald III, RPh te deklare, "Vil nou yo se yon pati vital nan eritaj ak avni Eta Nouyòk, men antanke ansyen majistra, mwen konprann kijan minisipalite yo ka vilnerab finansyèman lè gen ogmantasyon depans ak lòt defi. Se poutèt sa li tèlman enpòtan pou nou kolabore ak Gouvènè Kathy Hochul ansanm ak kòlèg lejislatif nou yo pou nou bay kominote lokal yo yon sipò enpòtan. Antanke reprezantan pou Cohoes, Rensselaer, Troy, ak Watervliet, mwen kontan wè plis pase 6.3 milyon dola nan èd anplis ki ale nan direksyon vil sa yo, depase sa yo te prevwa nan bidjè a, pou ede yo adrese defi kontinyèl yo, kenbe sèvis esansyèl yo, epi soulaje chay sou kontribyab pwopriyete lokal yo."

Manm Asanble, Jonathan Rivera, te deklare, "Vil ak minisipalite ki solid yo se fondasyon ekonomi ak kalite lavi Nouyòk, epi envestisman enpòtan sa a pral ede kominote atravè eta a kontinye bay sèvis esansyèl rezidan yo konte sou yo chak jou. Pou Buffalo, sipò adisyonèl sa a rive nan yon moman enpòtan pandan vil nou an ap travay pou kenbe sekirite piblik, pwoteje kontribyab yo, epi ranfòse estabilite fiskal alontèm nan yon moman kote rediksyon finansman federal ak ogmantasyon depans akòz tarif yo ap mete plis presyon sou gouvènman lokal yo ak kontribyab yo san distenksyon. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li rekonèt defi gouvènman lokal yo ap fè fas a epi paske li pran yon angajman siyifikatif anvè minisipalite yo isit la nan Lwès Nouyòk ak atravè eta a."

Manm Asanble J. Gary Pretlow te deklare, "Envestisman sa a se yon viktwa enpòtan pou kominote lokal nou yo epi li se yon temwayaj angajman Eta a pou sipòte minisipalite k ap fè fas ak presyon finansye k ap grandi. Avèk Vil Yonkers k ap resevwa 15 milyon dola ak Vil Mount Vernon ap resevwa 2.5 milyon dola, fon sa yo pral ede ranfòse sèvis esansyèl yo, sipòte operasyon lokal yo, epi soulaje fado sou kontribyab yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li rekonèt bezwen vil nou yo epi li kontinye envesti nan avni ak estabilite kominote yo atravè Eta Nouyòk."

Majistra Vil Buffalo a, Sean Ryan, te deklare, "Sipò adisyonèl Eta sa a bay Buffalo yon opòtinite pou fè bidjè nou an pi estab, pi responsab ak pi dirab. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins, Prezidan Carl Heastie, ak delegasyon Eta nou an paske yo rekonèt gravite defi fiskal Vil la ak enpòtans pou

ede Buffalo navige yo yon fason responsab. Finansman sa a pral pèmèt nou diminye depandans sou revni ensèten pandan n ap kontinye pwoteje sèvis debaz rezidan nou yo depann sou yo."

Majistra Vil Yonkers, Mike Spano te deklare, "Sa a te yon ane ekstrawòdinè. Nou te twouse manch chemiz nou, nou te ale Albany epi nou te mande plis finansman epi Gouvènè nou an te tande siplikasyon nou yo. Mèsi Gouvènè Kathy Hochul, Lidè Majorite Andrea Stewart-Cousins ak delegasyon eta nou an paske yo fè Yonkers yon priyorite. Envestisman sa a fè travay nou yon ti kras pi fasil epi lekòl nou yo vin pi solid."

Majistra Vil Rochester Malik D. Evans te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak delegasyon lejislatif nou an paske yo te mete finansman adisyonèl ki nesesè pou Rochester ak lòt vil yo nan Bidjè Eta ki te adopte a, epi felisite yo dèske yo rekonèt gwo difikilte ak presyon finansye minisipalite Nouyòk yo ap fè fas nan klima ekonomik nasyonal ak entènasyonal ki ekstrèman pa stab sa a. Lajan sa yo pral ede nou konfwonte defi fiskal enpòtan yo lè nou redouble efò nou yo pou mennen kwasans, atire envestisman epi mete tout rezidan nou yo sou yon chemen pou mobilite ekonomik ak richès jenerasyonèl."

Majistra Vil Syracuse, Sharon F. Owens, te deklare, "Ogmantasyon èd minisipal lokal la se yon envestisman enpòtan nan kominote nou an epi li ba nou opòtinite pou balanse bidjè nou an, ranfòse dirabilite fiskal nou yo, epi pi byen sèvi rezidan nou yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak delegasyon eta lokal nou an pou 20 milyon dola adisyonèl nan èd eta ki te atribye pou Vil Syracuse nan Bidjè pou Ane Fiskal 2027 Eta Nouyòk la. Syracuse angaje nan jerans responsab dola kontribyab yo ak revizyon kontinyèl jesyon bidjè nou an."

Majistra lbany an, Doktè Dorcey Applyrs, te deklare, "Mwen rekonesan anpil pou envestisman istorik Gouvènè Hochul mete nan Vil Albany. Angajman sa a fè Vil nou an pi pre siyifikativman pou abòde defi fiskal inik nou fè fas ak yo kòm yon Vil Kapital, sa ki mete Albany sou baz finansye pi solid pou lavni. Administrasyon mwen an te travay di pou aplike règleman sou sekirite piblik, devlopman ekonomik, jèn, amizman, ak lòt zòn rezidan Albany yo te mande Administrasyon mwen an pou yo akonpli. Asistans sa a asire nou ka kontinye momantòm sa a, bay inisyativ kle yo jan rezidan yo, vizitè yo, ak pwopriyetè ti biznis nan vil nou an enfòme. Mwen apresye rekonesans Gouvènè a nan wòl inik vil yo jwe nan kondwi ekonomi rejyonal yo ak sipòte kominote yo odela lòt bò fwontyè yo. Avèk finansman sa a, Gouvènè a ede Albany nan yon nouvo chemen pou pi devan epi li ede asire vizyon Albany kòm yon premye vil kapital."

Majistra Vil Mount Vernon lan, Shawyn Patterson Howard, te deklare, "Mount Vernon rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li rekonèt defi fiskal yo ap fè fas ak gouvènman lokal yo epi li bay sipò enpòtan atravè finansman adisyonèl sa a. Resous tanporè sa yo pral ede Vil la adrese obligasyon eksepsyonèl yo, kouvri depans kritik yon sèl fwa ak ranfòse baz finansye nou pou nou kapab kontinye bay sèvis rezidan nou yo sou yo pandan n ap pwoteje kontribyab yo."

Asistans Minisipal Tanporè
Bidjè Ane Fiskal 2027 la garanti 100 milyon dola nan Asistans Minisipal Tanporè adisyonèl, sa ki triple total la a 150 milyon dola. Pwogram sa a, ki te otorize okòmansman nan ane fiskal 2025 pou dezan, bay èd pou objektif jeneral pou gouvènman lokal yo. Finansman sa a baze sou pwogram Èd ak Ankourajman pou Minisipalite yo (AIM) ki bay èd eta pou vil yo, komin yo ak vilaj yo ki andeyò Vil Nouyòk.

Asistans pou Vil yo
Bidjè Ane Fiskal 2027 la bay sipò anplis pou elimine eka nan bidjè yo pandan l ap minimize fado kontribyab la epi kenbe sekirite piblik pou vil sa yo:

- **Buffalo – 70 milyon dola** (55 milyon dola + 15 milyon dola TMA)
- **Rochester – 35 milyon dola** (20 milyon dola + 15 milyon dola TMA)
- **Syracuse – 35 milyon dola** (20 milyon dola + 15 milyon dola TMA)
- **Yonkers – 55 milyon dola** (40 milyon dola + 15 milyon dola TMA)
- **Albany – 44.4 milyon dola** (20 milyon dola + 20 milyon dola èd divès kalite + 4.4 milyon dola TMA)
- **Mt. Vernon – 12.5 milyon dola** (10 milyon dola + 2.5 milyon dola TMA)

Ogmantasyon nan sipò
Sipò Eta pou konte, vil, komin ak vilaj ki pa nan Vil Nouyòk yo ogmante pa 4 milya dola (60 pousan) sou direksyon Gouvènè Hochul. Sa gen ladan 1.6 milya dola nan depans Medicaid absòbe, 1.3 milya dola nan sipò pou sèvis imen tankou gadri ak lòt ogmantasyon tankou èd transpò ak asistans sekirite piblik.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU